# НӨКИС ҚАЛАСЫНЫҢ СОЦИАЛ-ЭКОНОМИКАЛЫҚ РАЎАЖЛАНЫЎЫНЫҢ ТИЙКАРЛАРЫ (1991-2014-жыллар)

**З.Б.Есназарова** - *тарийх илимлериниң кандидаты*
**З.Алеуов** - *магистрант*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар**: иқтисодиёт, ижтимоий, бюджет,параметрлар, диверсификация, инвестиция, микроиқтисодиёт, кичик бизнес.
**Ключевые слова:** экономика, социальный, бюджет, параметры, диверсификация, инвестиция, микроэкономика.
**Key words:** economics, social, budget, parameters, diversification, investment, microeconomics.

Мәмлекетимизде социал - экономикалық раўажланыўында қолға киргизилип атырған жоқары нәтийжелер, ең алды менен, жаңадан жаңа заманагөй тармақ ҳәм ислеп шығарыў қуўатлылығының жолға қойылыўы, буның нәтийжесинде мәмлекетимиз экономикалық искерлигиниң сезилерли дәрежеде артып баратырғаны, ислеп шығарылып атырған өним ҳәм көрсетилип атырған хызмет түриниң көбейип, сапасының түптен жақсыланып барыўы, бир сөз бенен айтқанда, экономикада жаңаша мазмун ҳәм мәнис пайда етип барыўында ғәрезсиз раўажланыў жолын дурыс таңлағаны, әмелге асырылып атырған экономикалық сиясат стратегиясы ҳәр тәреплеме пухта тийкарланған.

Усы бағдарда, экономиканы еркинлестириўдиң бас ўазыйпасы ең дәслеп, мәмлекеттиң қадағалаў ҳәм басқарыў функцияларын қысқартыў, кәрханалардың хожалық жумысына, биринши орында киши бизнес жеке исбилерменлик жумысына араласыўын шеклеўден ибарат.

Улыўма алғанда, экономикалық хызметтиң базарға тән механизмине еркинлик бериў керек екенлиги ғәрезсизликтиң дәслепки дәўиринде машқала екенлиги өткен тарийхый дәўирлер ишинде қарап шығылды.

Ғәрезсизликтиң дәслепки дәўирлеринде социал-экономикалық, раўажланыўдағы гейпара экономикалық байланыслардың үзилиске түсиўи мәмлекеттиң социал-экономикалық раўажланыўы барысында бир қанша қыйыншылықларды пайда етти.

1991-жылы Нөкис қурылыс констуркуцияларын таярлаўшы комбинат 222 тонна металды, Нөкис трикотаж фабрикасы 1,5 млн сумлық 66 тонна жипти алалмады. Номери 66 Ресстрой трестке Россия федерациясынан Новокузнец, Волгоград ҳәм Магнитагорский қалаларынан үш жүз тонна металл келип жетпеди. Усылардың есабынан, улыўма қурылысқа керекли ресурслардың 90 % и сырттан алып келинетуғын еди. Мысалы, № 66 Ресстрой трестке 6 тонна шеге 6 мың кв$^2$м айна 100 тонна нефть бетон 8 алиф, 140 куб$^2$м, тахтай, ағаш келип жетпеди. Усындай жетиспеўшиликлерге қарамастан, Нөкис қаласында 55,5 мың турақ жай, бул көрсеткиш жыллық жобаның 88 % ин қурап пайдаланыўға тапсырылды. Екинщиден, қала турғынларының дәраматы есабынан 43 кв$^2$м турақ жай пайдаланыўға тапсырылып жобадағы көрсеткиш орынланды [1].

Нөкис қаласы ҳәкимияты 4 млн сўм бөлип шығарды, 84 көше асфальтланды, бул бойынша мәмлекетлик тапсырмалар орынланды. Сондай-ақ, 408 кәрхана улыўма ҳәрекеттеги 972 кәрханадан қаланың тең салмақлығын өзгертти. Қала халқы 1990-жылы 208,0, болған болса салыстырғанда 1991-жылы 215,8 мың 2016 –жылы халықтың саны 307,4 мың адамға көбейди [2].

Нөкис қаласында 2007-жылы январь айы көрсеткишлери бойынша 141900 адам мийнетке жарамлылар қатарынан есапқа алынса, соннан жумысқа жарамсыз адамлар саны 8632 адам болған. 40 мыңнан аслам жигит ҳәм қызлар қала өндирислеринде мийнет етти. Базар қатнасларына өтиўи менен жумыссызлардың санына әдеўир тәсир еткенлигин көремиз.

Султан Ўәйис таў (Қара таў) Қарақалпақстанның экономикасының – санаатың Нөкис қаласының индустриясының раўажланыўына тийкар салды. 1991-жылы «Қарақалпақ қурылыс материаллары» бирлеспесиниң мрамор заводы декоратив тасларды кесип таярлаў мүмкиншилигине ийе болды. Базар қатнасларына өтиў менен мрамор плиталарының баҳаларында өзгерислер болды. Егер де 1 кв$^2$ метр мрамор плитасына 59 сум 61 тийин төленген болса, 1992-жылғы мағлыўматлар бойынша 250 сумға жеткерилгенин көремиз. «Қарақалпақ қурылыс материаллары» өндирис кәрханасы, Россия, Украина, Белоруссия, Орайлық Азия ҳәм Қазақстан республикалары менен бартерлик усылда жумыс ислегенлиги дереклерде мәлим [3]. Төмендеги схемада

Қарақалпақстан Республикасының қалаларының 1992-жылғы бюджетиниң тийкарғы параметрлери [4].

| Қарақалпақстан Республикасы қалалары | Бюджеттиң көлеми | Қалдықлардың көлеми |
|---|---|---|
| Нөкис | 175636,8 | 21955,0 |
| Хожели | 60177,6 | 2522,0 |
| Тахиаташ | 56442,5 | 7055,0 |
| Қоңырат | 467229,3 | 5841,0 |
| Төрткүл | 42071,3 | 5259,0 |
| Беруний | 38834,6 | 4854,0 |
| Шымбай | 35979,2 | 4497,0 |
| Мойнақ | 20116,3 | 2515,0 |
| Қарақалпақстан Республикасы бойынша | 2044522 | 255565 |

Таблицада көрсетилгениндей-ақ, Қарақалпакстан Республикасы бойынша 2044522 мың муғдарында бюджети тастыйықлаған, бул бюджеттиң 175636,8 мың сумы Нөкис қаласына қаратылған болса, республика бюджетиниң әдеўир бөлегин алып турғанлығынан дерек береди.

1992-жылдың он айы ишинде қалада 24,6 тонна сары май 12,5 тонна нан, 2,2 тонна макарон өнимлери 2,5 мың тона гөш өнимлери ислеп шығарылды. Сол дәўирде Гөне қаланың Темир жол вокзалы менен тутастырып турған маршруттың ҳәм троллейбус депосының иске түсиўи, Радио үйиниң Қызкеткен елатында 260 оқыўшыға мөлшерленген мектептиң 13-санлы аптека жайының, педагогикалық училищениң, Гос комитет қурылысының ҳәм қан қуйыў станциясының иске түсиўи Нөкис қаласы турғынларының турмысында әҳмийетли ўақыялардың биринен есапланады.

1991-жылы қаланың санаат кәрханаларындағы оның ислеп шығарыў 80 % и қурады. Халық тутыныў товарларын ислеп шығарыў 1991-жыл менен салыстырғанда 21 % өним ислеп шығарыў менен шекленген. Улыўма тутыныўшыларға 43 млн сумлық товар ислеп шығарып, сол жылы төмен көрсеткишке еристи. Сондай-ақ, қурылыс тараўында 24 мың кв$^2$ метр турақ жайды жобадағы көрсеткиштен төмен орынлады [5].

Сол дәўирде Нөкис қаласы ҳәкими Ш.Уснатдиновтың дурыс көрсетип өткениндей-ақ, қаланың қәлеген өндирис тараўы алға илгерлеўдиң орнына кейинге қарай кетти. Нөкис қаласы мийнет биржасының есабында 2600 адам жумыссызлықта есапқа алынды. Нөкис сүт заводының өнимлери жеке товар ислеп шығарыўлар менен салыстырғанда өнимди сатыў баҳасы жеке меншик сатыўшыларынан 2-3 сўм төмен болды.

Бул дәўирге келип республикада социал-экономикалық раўажланыўы ҳәм бул тараўдағы реформаларды тереңлестириў бойынша бир қатар илажлар ислеп шығылды. Бул бойынша «Қарақалпақстан Республикасын социал-экономикалық раўажландырыў

бойынша 1993-2000-жылларға бағдарланған ҳәм 2005-жылға шекем болған дәўирдеги раўажланыў бағдарларының тийкарғы концепциялары болып ол бир жақлама шийки зат ислеп шығарыўды шешиў ҳәм жергиликли минерал-шийкизат базарлары тийкарында таяр өним ислеп шығарыўға қаратылған бөлимлерди жүзеге келтириў бойынша әмелий бағдарлама ўазыйпасын орынлады. Усы тийкарда 51 санаат объекти, солардан биринши нәўбетте Нөкис, Бостан, Шымбай қалаларында тоқымашылық комплекси қурылысы жобаластырылды, бул жерлерде үлкен шийкизат ҳәм жумысшы күши потенциалының бөлиниўине қарамастан, оны толық өзлестириў ушын мәмлекет жетерли финанс имканиятына ийе емес еди. Бундай жағдайды тек шет ел инвестициялары, бирге ислесиў арқалы ҳәм олар менен өз ара пайдалы шәртнамалар дүзиў жергиликли шийкизат ресурслары тийкарында таяр өним ислеп шығарыўға мөлшерленген кәрханаларды пайда етиў арқалы ғана дүзетиў мүмкин еди.

Нөкис қаласының раўажланыў барысын төмендеги таблицада көрсетиўимизге болады [6].

| № | Санаат | 1990 | 1991 | 1992 | 1993 | 1994 | 1995 | 1996 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Ислеп шығарылған өнимниң көлеми. Салыстырма баҳада | 11,8 | 265,9 | 771,3 | Сум купон 9451,7 | 85,4 | 698,9 | 1297,3 |
| 2 | Өткен жыл менен салыстырғандағы өсиў пәти | 105 | 102 | 81 | 152,6 | 100 | 83,4 | 109,2 |
| 3 | Мәмлекет меншиктеги кәрханалардың өндирилген өнимииниң көлеми | 103,1 | - | - | 6693,2 | 19,005 | 146,207 | 944,690 |
| 4 | Мәмлекетлик емес меншиктеги кәрханалар | - | - | - | 2758,5 | 66,458 | 547,673 | 352,613 |

1995-жылы Өзбекстан Республикасында экономикалық реформаларды тереңлестириў бойынша Нөкис қаласында социаллық-экономикалық раўажландырыў тийкарында, санаат қурылыс, транспорт, байланыс, турмыс хызмет, саўда, билимлендириў, денсаўлықты сақлаў, мәкемелериниң, ҳуқық, нызам жергиликли өзин-өзи басқарыў уйымларының жумысы унамсыз екенлиги көрсетиледи.

Нөкис қаласында 1995-жылды, 1993-жыллар менен салыстырғанда төменлеп кетеди, өнимниң ассортименти, сапасы төмен. Нөкисте өндирислик қуўатлылықларды пайдаланыў тек ғана 40-50 процентти қурайды. Санаат кәрханаларындағы жағдайды қарап шыққанымызда, Нөкис қаласында экономикалық реформалар ҳаққында айтыў мүмкин емес. Мысалы, транспорт кәрханаларында аўҳал, халық хожалық жүклерин тасыў 11 айда 85 процентке, жүк айланысы 56 процентке жеткенлигин көремиз, №19 автопарктың жумысы талапқа жуўап бермеген.

Бул көрсеткишлер санаат тараўындағы көпшилик басшылардың жумысты уқыпсыз ҳәм босаң шөлкемлестириўиниң себебинен бүгинги күнде 59 өндирисли кәрхана ислеп шығарыўды төменлетип, соннан бес кәрхана мәмлекетке 108,9 млн сум зыян келтирди, бир қатар кәрханалардың сыпатсыз шығарған өнимлери өз қарыйдарын таппай қалды.

Нөкис қаласының социал-экономикалық раўажланыўында санаат өндиристиң орны айрықша әҳмийетке ийе болып табылады. 1996-жылдың 6 айы ишинде ислеп шығарылған санаат өними муғдарында салыстырма баҳада 623,6 миллион сўмды қурады. 1995-жыл менен салыстырғанда 112 % өсимге ерисилди. Нөкис қаласы бойынша 522,3 миллион сўмлық хожалық тутыныў товарлары ислеп шығылды, бул 1991-1992-жыл, 1994-1995-жыллар менен салыстырып қарағанымызда 114,6 % и қурайды. Соннан азық-аўқат емес өнимлер 227,1 миллион сумға жеткерилди.

Халық тутыныў товарларын ислеп шығарыў муғдары жан басына есапқа алғанымызда 2254,2 сўмнан туўра келеди. Алып барылған изертлеўлер барысында Нөкис қаласы бойынша санаат кәрханаларында 7992 жумыс ислеп орташа айлығы 1761 сўмды қурайды [7].

Ғәрезсизликтиң дәслепики дәўирлеринде санаат тараўында Нөкис қаласы аймағында мүлкти мәмлекетлик ийелигинен шығарып, оны меншиктиң басқа түрлерине өткериўде санаат тараўларында бир қатар илажлар әмелге асырылады. 1996-жылы Нөкис қаласында 44 кәрханадан 37 си меншик түрин өзгертилди. Булардан 28 кәрхана акционерлик жәмийетке, 5 кәрхана жеке меншик ҳәм 4 санаат өниминиң 85 % ке шамаласы меншиктиң мәмлекетлик емес кәрханаларында жетистирилмекте.

Ғәрезсизликтиң дәслепки дәўиринде санаат тараўында бир қанша жаңа кәрханалар бой тикледи ҳәм иске қосылды. Булардан Нөкис ун заводы «Катекс» тоқымашылық комбинаты, Кабель заводы, «Дийўаллық материаллар» заводының гербиш ислеп шығарыў линиялары, Нөкис «Сүт» акционерлик жәмийетинде қаймақ, иримшик ҳәм бренза өнимлерин ислеп шығарыў ҳәм Нөкис консерва заводының акционерлик жәмийетинде томат пастасын қайнатыў «ҚҚ қурылыс материаллары» бирлеспесинде Италия үскенелери менен тәмийинленген мрамор плитасын ислеп шығарыў линияларын пайдаланыўға тапсырыў үлкен тарийхый әҳмийетке ийе.

Нөкис қаласы халқын азық-аўқат өнимлери менен тәмийинлеўде жеке меншиктеги «Ыссы нан», «Ақмарал», «Дана нан» кәрханаларын атап көрсетиўге болады.

Нөкис социал-экономикалық тараўларын раўажландырыўдың тийкарғы дәстүрлериниң бири. Турақлы экономикалық өсимди тәмийинлеў, төлем тәртибин беккемлеў, киши ҳәм орта исбилерменликти раўажландырыў, шет ел инвесторларын тартыў арқалы экспортқа өним ислеп шығарыўдан ибарат.

1991-2001-жылларда санаат кәрханаларының 95 % и мәмлекетлик емес меншик түрлерине өткен Нөкис 27 ири санаат кәрханалары ислеп турды. Олардан «Плат ТАС», «Нөкис ТАС», «Нөкис пиво заводы» кәрханаларында өним ислеп шығарыў өсти.

Нөкис пиво заводы ашық түрдеги акционерлик жәмийети ислеп шығарып атырған «SMAK» маркасындағы 8 түрли ширели суў ислеп шығарады. Өзбекстан-Германия- Израил мәмлекетлериниң «Osiyo Best» қоспа кәрханасы бурын ислемей турған заводтың 78 % и акциясын сатып алып, бул кәрхана қайта реконстурукцияланды. Кәрхана саатына 4 мың шийше ислеп шығарыў қуўатына ийе [8].

Қаланың халық хожалық комплекси индустриал-аграр характерге ийе. Шийки зат жетистириў менен бир қатарда қайта ислеп шығарыў раўажланған. Қурылыс индустириясы ҳәм азық-аўқат санааты айрықша орынды ийелейди. Қаланың барлық санаат өнимлериниң 50 % и усы тармаққа кириўши өнимлери қурайды. 2012-2013-жыллар аралығында 3961 адам мийнет еткен. 2013-жылғы мағлыўматлар бойынша санаат кәрханаларында 112166,0 млн сўм көлеминде өним ислеп шығарылды.

Қурылыс тараўында 2013-жылдың 1-январь ҳалаты менен қарағанымызда 418686,6 млн сўм бюджет өзлестирилди, 399,0 кв.метр турақ жай, 6 км газ тармақлары, 15,7 суў тармақлары пайдаланыўға тапсырылды.

Нөкис қаласында 1991-2016-жылларда байланыс тармақлары кең раўажланды. Тийкарынан, тарийхый дереклерде көрсетилиўинше 1927-жылы қурылған қуўатлылығы 25ке тең болған телефон станциясы

болған болса, 2016-жылы Нөкис қаласында 11 автоматластырылған телефон станциясы 35878 қуўатқа ийе телефонлар халыққа хызмет көрсеткен. Олардан, «Коском», «Узбек Мобайл» «Билайн» байланыс кәрханалары иске түсип, байланыс көлеми раўажланып атыр.

Нөкис қаласында 2013-2014 финанс ҳәм кредит тараўында көрсетилген мағлыўматларда, жергиликли бюджет дәрамат 2013-жылы 71787,7 млн сўм болған болса, 2014-жылы 41318,0 млн сўм көрсеткишке ийе болып табылады. Анализлеп қарағанымызда 2013-жыл, 2014-жылды салыстырып қарағанымызда 57 % болған. Соннан субвенция млн сўм есабынан 2013-жыл 47763,3, 2014-жыл 54546,5 млн сум болған, салыстырамыз 114,2 % и қураған. Жергиликли бюджетти алып қарайық, сол дәўирде өлшеў бирлиги 2013-жылғы январь айы ҳалаты менен қарайық, 7231,9 млн, 2014-жылғы ҳалат 95864,6 млн сўм болған. Усы көрсеткишти анализлеп қарағанымызда 132,9 % и қураған [9].

Сол дәўирде зыян көрген кәрханалар саны бирлик есабында 2013-жылы 6, 2014-жылы 6 бирлик есабында болған, болса усы кәрханалардың зыян көрген суммасы млн сум есабында 2013-жылы 12024,7 млн сўм, 2014-жылы 10248,0 млн болған, улыўма 85,2 % екенлиги дәлилленген.

Жуўмақалап айтқанда, Қаракалпақстан Республикасының, соның ишинде Нөкис қаласының базар экономикасына өтиў шараятында ең әҳмийетли оптималь комбинациялық ҳәрекет айырықша әҳмийетке ийе. Нөкис қаласында, микроэкономикалық жобаластырыў бойынша, социал-экономикалық ҳәм басқа тараўларда алып барылған реформаларға биз жоқарыда көрсетилген мағлыўматлар дәлил бола алады.

Нөкис қаласында әмелге асырылып атырған экономикалық реформалар нәтийжесинде микроэкономикалық турақлылық ҳәм экономикалық тармақлардың баланысы, экономикалық өсиў көлеми орташа есапта Нөкис қаласы орташа 5-7 % и пайда еткен. Нөкис қурамалы түрде өзгерислер ҳәм экономика тармақларын диверсифкациялаў белесенди инвестициялық сиясат, техника тараўын модернизациялаў бойынша санаатты раўажладырыў бүгинги күнниң машқаласы болып табылады.

**Әдебиятлар**


1. Нөкис қаласының социал–экономикалық раўажланыўының мәселелери. / «Нөкис ҳақыйқаты», 1991, 31 – январь.
2. Қарақақалпақстан Республикасының жыллық статистикалық топламы (1991-2016). –Нөкис: 2017, 20-б.
3. Есназарова З. История города Нукуса периода независимости (1991-2005 гг) . -Нукус: «Каракалпакстан», 2014.
4. Текущий архив городской ҳакимият папка 20. 1990-1992. Лист 96 .
5. АЖК РК. Ф.35.оп.3.л.55.
6. Есназарова З. Нөкис қаласының тарийхы. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 2020, 85-б.
7. Архив Жоқарги Кенеса РК.Ф.30.Оп.22.Д.378.ЛЛ.55,100.
8. Текущий архив хакимията г. Нукуса за 2001 год. Приказ № 72/5.
9. Текущий архив городской ҳакимият папка 2013-2014 Лист 100 лист.



**РЕЗЮМЕ**

Мақола Мустақиллигимизнинг дастлабки йилларидаги, яъни, 1991-2014 йиллар давридаги Қорақалпоғистон Республикасининг ижтимоий-иқтисодий тараққиётининг муҳим мисоли ҳисобланган Нукус шаҳрининг ушбу давр орасидаги ижтимоий ривожланиш даражасини таҳлил қилишга бағишланган. Тарихий таҳлил борасида муаллиф тарафидан пойтахтимизнинг ижтимоий-иқтисодий тараққиётига шаҳримиз саноат корхоналарининг, муассаса ва ташкилотларнинг халқимиз турмуш даражасини бундан буён яхшиланишига қўшган ҳиссаси атаб кўрсатилган. Ушбу муқаддас ишни амалга ошириш борасидаги дастлабки қийинчиликларни ифодалаб берувчи объектив ва субъектив омиллар расмий ҳужжатлар асосида очиб берилган. Мақолада давр қийинчиликларини бартараф қилувчи иложлар-иқтисодий ислоҳотларнинг турмушга оширилишида ва унда маъмурий органларнинг, хўжалик юритувчи субъектларнинг кечиктириб бўлмайдиган вазифалари кўрсатилган.

**РЕЗЮМЕ**

Статья посвящена анализу социального развития Нукуса за тот период, который является важным примером социально-экономического развития Республики Каракалпакстан в первые годы независимости, то есть за период 1991-2014 гг. В историческом анализе автор указывает на вклад промышленных предприятий, учреждений и организаций города в дальнейшее повышение уровня жизни нашего народа и в социально-экономическое развитие нашей столицы. Объективные и субъективные факторы, которые характеризуют первоначальные трудности при выполнении этой работы, раскрываются в официальных документах. В статье описаны актуальные задачи административных органов и субъектов хозяйствования в реализации экономических реформ, которые способствуют преодолению трудностей периода.

**SUMMARY**

The article is devoted to deep analysis of the state of the social-economic development of the Republic of Karakalpakstan on the example of the city Nukus at the early period of Independence in 1991-2014. As the main social-cultural and political-economic centre our capital has always been the important key-point of all successes in wellbeing of our people. Historically analizing the situation the author points to the objective and subjective factors which accompanied industrial enterprizes, establishments and organizations of the city of Nukus in their beneficial duties of raising the social-economic level and well-being of the whole population of the capital, confirming the facts by official documents with a great historical importance. The author of the article deseribed the important issues of administrative bodies and farning subjects in the realization of economical reform that help to overcome the difficulties of the period.


## ИНҚИЛОБИЙ ТРИБУНАЛ СОЛИҚ БЎЛИМИНИНГ ҚАТАҒОН СИЁСАТИ


**Д.П.Комолов** - *тарих фанлари номзоди*

*Ўзбекистон Республикаси фанлар академияси, Тарих институти*



**Таянч сўзлар:** адлия халқ комиссарлиги, совет ҳокимияти, декрет, фавқулодда суд, сайёр суд мажлиси, жиноят, қамоқ, жарима, ўлим жазоси.

**Ключевые слова:** наркомат юстиции, советская власть, указ, чрезвычайный суд, передвижное судебное заседание, преступление, лишение свободы, штраф, смертная казнь.

**Key words:** people's commissariat of justice, soviet power, decree, emergency court, mobile court session, crime, imprisonment, fine, death penalty.


**Долзарблиги.** Суд ҳокимияти чинакам мустақиллигини, фуқаролар ҳуқуқ ва эркинликларининг ишончли ҳимоясини таъминлаш ҳамда одил судловга эришиш даражасини ошириш суд-ҳуук тизимини ислоҳ қилиш соҳасидаги давлат сиёсатининг асосий устувор йўналишларидан бири ҳисобланади. Бу ҳақда Ўзбекистон Республикасининг Президенти Ш.Мирзиёев шундай таъкидлаган эди: "Конституциямизда олий қадрият сифатида белилаб қўйилган инсон ҳуқуқларини таъминлаш масаласи бундан буён ҳам эътиборимиз марказида бўлади. Бунинг учун суд ҳокимиятининг чинакам мустақиллигига эришиш нақадар муҳим аҳамиятга эга эканини албатта барчамиз яхши тушунамиз" [1:10]. Ҳозирги кунда мамлакатимизда суд ислоҳотлари жадаллик билан олиб борилаётган бир даврда совет ҳукмронлиги давридаги суд сиёсатини таҳлил қилиш, суд идоралари фаолиятини холис баҳолаш, унинг мақсад ва